

## Resous pou Paran ak Fanmi yo

### ÈSKE OU GENYEN KESYON?

Kontakte Biwo Evalyasyon Eta (Office of State Assessment)  
Depatman Edikasyon Eta New York (New York State  
Education Department, NYSED) la nan:

518-474-5902

oswa voye yon imèl bay:

EMSCASSESSINFO@nysed.gov

Pou ou jwenn plis enfòmasyon:

### VIZITE PAJ WÈB NYSED YO NAN:

<http://www.p12.nysed.gov/assessment/nysaa/home.html>

AK

Biwo Edikasyon Espesyal (Office of Special Education)  
la nan:

<http://www.p12.nysed.gov/specialed/>

New York State Education Department  
89 Washington Avenue  
Albany, New York 12234

(518) 474-5902

FAKS (518) 474-1989




Yon Gid Rapid  
pou Paran  
sou Evalyasyon Altènatif  
Eta New York  
(NYSAA)



New York State Education Department

## Rapò Paran: Rezilta NYSAA Timoun ou an

Lekòl timoun ou an pral voye yon Rapò Nòt Endividyèl lakay ou nan domèn yo te evalye timoun ou an. Ou kapab itilize rezilta sa yo kòm yon pwèn depa pou ede ou konprann pwogrè timoun ou an.



## Kisa Evalyasyon Altènatif Eta New York (New York State Alternate Assessment, NYSAA) la ye?

NYSAA fè pati pwogram tèl Eta New York la ki mezire pèfòmans elèv yo sou estanda reyisit altènatif yo nan domèn lang ak literati anglè (English language arts, ELA), matematik, ak syans pou elèv ki gen andikap koyitif ki pi grav yo. Estanda sa yo redwi nan konpleksite nan estanda aprantisaj yo.

## Kisa nou vle di pa elèv ki andikap koyitif ki pi grav yo?

Yo kapab defini “elèv ki gen andikap koyitif ki pi grav yo” tankou elèv ki gen kapasite koyitif limite, melanje avèk limitasyon konpòtmantal ak/oswa fizik, epi ki bezwen sèvis edikatif, sosyal, sikolojik, ak medikal ki wotman espesyalize dekwa pou maksimize tout potansyèl yo pou patisipasyon ki itil epi ki siyifikatif nan sosyete a ak pou epanwisman pèsònèl.

## Kimoun ki ta dwe pran NYSAA?

Se sèlman elèv ki gen andikap koyitif ki pi grav yo ki elijib pou pran NYSAA a. Komite sou Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) la detèmine si wi oswa non yon elèv ki gen yon andikap koyitif ki grav elijib pou li pran NYSAA a, baze sou kritè ki annapre yo:

- Elèv la genyen yon andikap koyitif ki grav, defisi siyifikatif nan kominikasyon/lang, ak defisi siyifikatif nan konpòtmantal adaptatif yo; **epi**
- Elèv la bezwen swiv yon pwogram edikatif ki wotman espesyalize ki fasilite akizisyon, aplikasyon, ak transfè konpetans nan tout anviwònman natirèl yo (lakay, lekòl, kominote, ak/oswa espas travay); **epi**
- Elèv la bezwen sistèm sipò edikatif, tankou teknoloji fonksyonèl, sèvis swen pèsònèl, sèvis sante/medikal, oswa entèvansyon konpòtmantal.



## NYSAA a mezire pèfòmans elèv la nan:

Lang ak literati anglè (ELA), matematik, ak syans

Yo pral evalye ELA, matematik, ak syans pa mwayen sistèm evalyasyon altènatif Kat Aprantisaj Dinamik (Dynamic Learning Maps, DLM) lan. DLM lan se yon evalyasyon adaptif yo bay sou òdinatè ki mezire konesans elèv yo nan Eleman Esansyèl yo (Essential Elements). Eleman Esansyèl yo se estanda reyisit altènatif yo ki redwi nan pwofondè ak anplè apati estanda aprantisaj yo. Nan ELA ak matematik, yo evalye elèv yo chak ane nan klas 3-8 yèm ane ak yon fwa nan nivo segondè avan yo gradye nan lekòl segondè. Nan syans, yo evalye elèv yo nan klas 4 ak 8 yèm ane ak yon fwa nan nivo segondè avan yo gradye nan lekòl segondè.

## Nòt yo

Poukisa yo itilize nòt NYSAA yo?

Nòt NYSAA yo montre ou ak pwofesè timoun ou an fason timoun ou an ap pwogrese nan estanda reyisit altènatif yo nan nivo klas li. Nòt yo kapab ede ou:

- Idantifye klèman pwèn fò ak bezwen timoun ou an; **epi**
- Bay enfòmasyon pou pèmèt diskisyon ki siyifikatif konsènan Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) timoun ou an; **epi**
- Etabli priyorite enstriktif ki enfòme objektif fonksyonèl ak akademik ak objektif akoutèm timoun ou an; **epi**
- Idantifye metòd kominikasyon timoun ou an ki pi efikas nan anpil anviwònman.

